Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 61 (25547)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 9 апрел — хуымгæнæны мæйы 9 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ПАРЛАМЕНТÆЙ
Тыхстаг фарстаты нывылад...

3 ТЕМАТИКОН ФАРС
Нæ Иры фæсивæд

4 НОМАРÆН ИЗÆР
Хæлар ахастдзинæдтæ

Ахсджиаг æмбырд

Уæрæсейы Президенты амынддзинæдтæ: куыд æххæстгонд цæуынц?

Цæгат Ирыстоны социалон-экономикон рæзты фарстаты тыххæй Уæрæсейы Президенты амынддзинæдтæ куыд æххæстгонд цæуынц, уымæ Мæскуыйы уæрæхгонд æмбырды æркастысты. Амыдта йæ Президенты æххуысгæнæг Максим ОРЕШКИН. Архайдта дзы республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.

Куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй Владимир Путин æмæ Сергей Меняйло 2021 азы фембæлды рæгъмæ рахастой ахсджиаг фарстатæ, сæ сæххæст кæнын у федералон æмæ республикон хицауады хæс.

Дыууæтæн дæр ис фидар бастдзинæдтæ, алы хъуыддагыл дæр бæстон ныхас кæнынц.

Æмбырды архайджытæ æрдзырдтой Беслæны социалон-экономикон дарддæры рæзтæн хъæугæ фæрæзтæ радих кæныны фарстатыл. Президенты амынддзинадæй 2022-2023 азты 8 объекты саразынæн æмæ реконструкци скæнынæн уæлæмхасæн радих кæндзысты 3,6 миллиард сомы. Иннæ 20 объектæн хъуамæ сбæрæг кæнойсæ финансон гуырæнтæ, уыдон сты æнæниздзинад хъахъхъæнынады, культурæйы, цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, транспортон инфраструктурæйы объекттæ. Ныртæккæ республикæ æппæт хъæугæ документтæ арвыста федералон министрадтæм æмæ ведомствæтæм, 2023-2024 азты бюджет фидар кæнгæйæ сæ банымайдзысты.

Ныхас рауад туризмы рæзты тыххæй дæр. Бæстæйы разамонæг куыд бафæдзæхста, афтæмæй хъуамæ бакусой ног туристон кластер национ проект "Туризм æмæ уазæгуарзæг индустри"-йы фæлгæты саразыныл. Хицæн æргом аздæхтой туристон-рекреацион кластер "Мамысон"-ы рæзтмæ. Сергей Меняйло куыд радзырдта, афтæмæй йæ саразыны æмгъуыдтæ сты бæрæг, фæлæ фæзынд фарстатæ. "Зæгъæм, фæндæгты инфраструктурæ саразынæн бахъæудзæн æхца. Æнæ уыдонæй курорт хъуамæ куыд куса", — загъта Сæргълæууæг.

Максим Орешкин куыд бацамыдта, афтæмæй уыцы фарстатыл кусынц, æхцайы иу хай радих кæндзысты Хицауады фæстауæрцон фондæй, иннæ та — федералон бюджетæй, бæлвырд ивддзинæдтæ йæм бахæсгæйæ. Дарддæр фæбæрæг кодтой Уæллаг Фыййагдоны пульмонологон-реабилитацион центр саразыны фарстатæ. Комкоммæ дзырдтой ног бæстыхай саразыныл æмæ центры рагон бынæттæ реконструкци скæныныл. Ацы аз хъуамæ бацæттæ кæноймæ проектон-хæрдзты документаци, уымæн хæрдзтæ радих кæндзысты республикон бюджетæй. Уый фæстæ сæ федералон бюджетæй баххæст кæндзысты.

Сергей Меняйло ма радзырдта Дзæуджыхъæуы иумæйаг рæзты тыххæй, фæбæрæг кодта æнæхъуаджы лæууæг промышленнон фæзуæтты уавæр. "Дзæуджыхъæуы рæзт фæбæрæг уыдзæн æппæт къабæзтыл дæр, цы бирæ æнæлыггонд фарстатæ дзы сæвзæрд, уыдон иуварсгонд æрцæудзысты, адæмы цард фенцондæр уыдзæн. Цы æнæпайда промышленнон куыстуæттæ дзы лæууы, уыдоны фæзуатыл равæрæн ис индустриалон парктæ, экологон сыгъдæг куыстадтæ сæ сарæзæн ис", — бацамыдта Сæргълæууæг.

Фæбæрг ма кодтой республикæйы хомагкуыстгæнæн къабазы нысанты, хъæууон хæдзарадæн уæлæмхасæн æххуысы, донæфсисады æмæ хъармдæттыны фарстатæ. Ацы æмбырды кæронбæттæн хатдзæгтæ æрæмбырд кæндзысты, æмæ сæ, Максим Орешкины ныхасмæ гæсгæ, бадæтдзысты Президент Владимир Путинмæ.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Хъуыддаджы ныхас

Уалдзыгон æрсидт Ирыстоны

Республикæйы Хицауады Сæрдары хæдивæг ТОМАЙТЫ Ирбег амыдта Цæгат Ирыстоны æрсидтон къамисы æмбырд. Архайдтой дзы æрсидтон къамисты сæрдартæ, муниципалон скондты æфсæддон комиссартæ, районты сæргълæуджытæ, Мидхъуыддæгты министрады æмæ æхсæнады минæвæрттæ.

Æфсæддон службæмæ æрсидт райдыдта 1 апрелæй, уымæ гæсгæ Томайы-фырт фæсидт, цæмæй йæм къамисты уæнгтæ бæрнонæй акæсой. Фарстайæн бæрнон у нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло. Йæ ныхасмæ гæсгæ, ацы æрсидтонтæ Украинæйы сæрмагонд хæстон операцийы нæ архайдзысты. Ныхас рауад æрсидтон хæс афойнадыл сæххæст кæныныл, фæсивæд хъуамæ æрсидтон къамистæм æрбацæуой. Медицинон æркаст сын скæныны тыххæй дæр бæлвырд уынаффæтæ рахастой, хъуамæ фæсивæды 'хсæн кæноймæ патриотон-хъомыладон куыст, се 'ргом сын здахой æфсæддон службæйы 'рдæм.

Æфсæддон комиссарадтæ муниципалон скондты æмæ Дзæуджыхъæуы æрсидтонтимæ цавæр куыст кæнынц, уый тыххæй радзырдта РЦИ-Аланийы æфсæддон комиссар **Владимир Устинов**. Уый фæсидт районты сæргълæуджытæм, æхсæнадон организацийты æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттæм, цæмæй сæрæнæй бацархайой æрсидтон кампанийы. Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

Нæ уацхæссæг

Ахуырад

Ног æрмадзтæ

Цæгат Ирыстоны астæуккаг профессион ахуыргæнæндæттæ цæуынц нывылгонд. Ацы аз ног æрмадзтæ кæм фæзындзысты, Дзæуджыхъæуы базарадон-экономикон техникум у фондс ахæм астæуккаг профессион ахуыргæнæндæттæй иу.

Национ проект "Ахуырад"-мæ хауæг федералон проект "Æрыгон профессионалтæ"-мæ гæсгæ сараздзысты амалиуæгады æмæ ресторæны лæггадкæнынады лабораторитæ.

2019 аз амынд техникум ссис национ проект "Ахуырад"-мæ гæсгæ федералон бюджетæй гранттæм бавдисыны фæдыл конкурсон æвзæрсты уæлахиздзау. Уыцы рæстæг "Хæринаггæнæджы куыст"-ы, "Аддæинаггæнæджы куыст"-ы, "Бухгалтерон хыгъд"-ы, "Фысымуаты администраци" æмæ "Туризм"-ы дæсныйæдтæм гæсгæ ахуыргæнæндоны сарæзтой фондс æрмадзы. "WorldSkills Russia" чемпионаттæ аразыны хъуыддагмæ кæй бавдисынц, æрмадзтæ ифтонггонд сты ахæм домæнты аккаг уæвæг нырыккон техникон кусæнгæрзтæй. Балхæдæуыд ахъаззаджы ахуырадон-лабораторон, ахуырадон-куыстадон ифтонггæрзтæ æмæ тренажертæ.

Зæгъæм, лаборатори "Фысымуатон хъуыддаг" ифтонггонд у æцæг фысымуатон хатæнмæ гæсгæ. Агъуыст ифтонггонд у, турист фæлладуагъды рæстæг цæмæй спайда кæны, æппæт ахæм дзаумæттæй — ома, хъæдæрмæгæй арæзт хæдзарон дзаумæттæй.

— Ам ахуыр кæнынц дыккæгæмæй цыппæрæм курсыты онг студенттæ. Фысымуаты уазæгæн лæггад кæнын куыд æмбæлы, ацы ифтонггæрзты фæрцы ахуырдзаутæм фæзынынц уый рахатынæн ахъазгæнæг æмбæлгæ зонындзинæдтæ. Уымæй уæлдай, лабораторийы ис мультимедион проектор, экран æмæ æппæт æмбæлгæ оргтехникæ, — зæгъы лабораторийы разамонæг, сæрмагонд дисциплинæты ахуыргæнæг **Зæгъойты Дзерассæ.**

Техникумы дыккаг бæстыхайы æнæлазæй кусынц æрмадзтæ "Хæринаггæнæджы куыст" æмæ "Адджинаггæнæджы куыст". Ацы æрмадзтæ ифтонггонд цæмæй сты, фæсивæд уыцы нырыккон кусæнгæрзтæ ахуырады рæстæг рахатынц. Æрвылбон æрмадзты дыууæ радæй цæуы лабораторон ахуырад.

— Ацы æрмадзтæй æрвылбон пайда кæнæм ахуырады рæстæг. Фæлæ нæ фадæттæ æмæ профессион хæстæ нымайгæйæ, абон ацы æрмадзтæ фаг не сты. Ацы аз Цæгат Ирыстоны Ахуырады министрад æмæ мах архайды фæрцы дзулфыцæны хайад байгом. Ацы аз "Амалхъомад"-ы æмæ "Ресторæны лæггадкæнынад"-ы хайæдтæ скусдзысты, — зæгъы ахуыргæнæндоны директор **Æбиты Валери.**

Нæ республикæ Уæрæсейы Рухсады министрады гранттæм бавдисыны фæдыл конкурсон æвзæрсты кæй архайы, уый фæрцы 2022-2024 азты Цæгат Ирыстоны астæуккаг профессион ахуырады системæйы фæзындзысты "WorldSkills"-ы стандарттæм гæсгæ 39 æрмадзы.

ГÆЛÆУТЫ Наталья

Хæст æмæ фидыддзинад

Нæ уидæгтæ куы зонæм...

УФ-йы Президентмæ, УФ-йы Гæрзифтонг тыхты Уæлдæр командæгæнæг В. В. Путинмæ

Зынаргъ Владимир Владимиры фырт!

Æхсæнадон змæлд "Национ форум "Алани" уæм 2022 азы 25 февралы цы сидт арвыста, уым æнæхъæнæй хорзыл нымад цæуы Уæрæсейы хæстон-политикон сæрмагонд операци Украинæйы æрсабыр кæныны тыххæй. Дæ уынаффæты фарс рахæцыдысты федерацийы культурæйы, наукæйы бирæ архайджытæ, æхсæнадон организацитæ æмæ сфæлдыстадон цæдистæ дæр. Фæлæ уыимæ, нæ цæстыты раз тынгæй-тынгдæр парахат кæны, йæ рохтæ чи суагъта, уыцы пропагандистон дзæнгæда УФ-йы Гæрзифтонг тыхты архайды ныхмæ. Кæмæй цæуы, уыдон та сты куыд Уæрæсейы 5-æм колоннæйы минæвæрттæ, афтæ сæ фæсарæйнаг сæрхъуызойтæ дæр.

Дыууæтæ дæр сæхи сифтонг кæнынмæ цы сæйраг бындур равзæрстой, уый æнцайы дунеон истори зыгъуымæ кæныныл. Уыдоны ныхæстæм гæсгæ цыма Уæрæсе ныббырста Украинæйы фыдæлтыккон зæхмæ, афтæмæй, дам, уымæ æппындæр ницы бар дары. Уæдæ кæд Украинæйы официалон хицæуттæ фыццагдæр историон уидæгтæм авнæлдтой сæ абоны политикон загъдкъахæнтæн идеологон бындур ссарыны тыххæй, уæд мах дæр бæлвырддзинад бахæссын хъæуы ацы ахсджиаг фарстамæ. Бæргæ йæ никуы систаиккам, уымæн æмæ зæхх у, чи йыл цæры, уыйы. Фæлæ нырыккон Украинæйы неонацистон идеологийы уæлиуæгдзинад, æфсæддон-политикон æмæ экономикон уавæр УФ-йы алыварс критикæ кæнын мах бадомдтой афтæ бакæнын.

Ам къæлæтты фæуагътам, фæстаг 300 азы великороссты (уырыссæгты) æмæ малороссты (украинæгты) 'хсæн цавæр æмахастдзинæдтæ уыдис, уыдон. Фæлæ цы фарста

систам, уый ацы рæстæджы фæлгæты арæнгонд нæ цæуы.

Владимир Владимиры фырт, фæнды нæ, цæмæй де 'ргом раздахай иу ахæм æцæгдзинадмæ дæр. Нæ дуджы агъоммæ æппынкъаддæр II-I мин азæй суанг астæуæнустæм цæугæдон Днепры рахиз æмæ галиу былты зæххытæ æппæтæй дæр уыдысты ирайнагæвзагон киммериæгты, скифæгты æмæ сæрмæтты. Афтæ зæгъæн ис цæугæдæттæ Доны, Днепры, Дунайы галиу æмæ рахиз былты зæххыты тыххæй дæр. Уымæн æмæ æппæт ацы цæугæдæтты нæмттыуидæгты æмбæлы дзырд "дон". Уый та нырыккон алайнаг (ирон) æвзаджы амоны "дон", "цæугæдон". Уымæй уæлдай, æппæт Цæгатаг Причерноморьейы, æрдæгсакъадах Хъырымы кæддæр цардысты цæгатирайнæгтæ, уым канд тюркæгтæ нæ, фæлæ ма грекъæгтæ дæр куы фæзындысты, уымæй бирæ раздæр. Уæдæ ном Азовы денджыз дæр хауы иранизмты зиллаккмæ, йæ бындуры цæгатирайнаг знæмты ном "ас" кæй æмбæлы, уый тыххæй. Йæ славянаг хуыз у "яс", гуырдзиаг хуыз "ос" æмæ ардыгæй рацыд уырыссаг термин "осетин", "Осетия". Ацы бындуртæм гæсгæ ног æмæ зæронд рæстæджы арæны Сау денджыз хуындис Сæрмæтты денджыз.

Нырыккон Украинæйы æппæт зæххыл баззад, цæгатирайнæгтæ кæй сарæзтой, ахæм æнæнымæц ингæнтæ обæутты хуызы. Адонæй цы сыгъзæрин дзаумæттæ ист æрцыд, уыдон конд сты "сырдон нывæфтыдæй" æмæ кадджын бынат ахсынц дунейы зынгæдзер музейты. Æндæр ныхæстæй йæ куы зæгъæм, уæд ацы хæзнатæ сты киммериаг, скифаг æмæ сæрмæттаг зæрингуырдты æрмдзæф. Нæ адæмы культурæйы цыртдзæвæнтæ кæй сты, уымæ гæсгæ, нырыккон украинæгтæ, уæлдайдæр ныгуылæйнаг европæйæгтæ уыдонмæ ницы бар дарынц.

(Кæрон 2 фарсыл)

Газетфыссынад

"Рæстдзинад" — 2022 азы дыккаг æмбисæн

Зындгонд куыд у, афтæ та хæстæгдæр рæстæг райдайдзæн 2022 азы дыккаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампанийы сæйраг æмгъуыд. Иннæ хæттытау ныр дæр "Рæстдзинад"-ы хæлæрттæ рафысдзысты сæ уарзон газет.

Фæлæ нæ царды куыд "зынаргъдæр" кæны, афтæ рæстæгæй-рæстæгмæ бафты газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны аргъыл. Афтæ, хъыгагæн, уыдзæн ныр дæр. Уыимæ, мыхуыры фæрæзтыл æнувыд чи у, уыцы адæмæн "Уæрæсейы пост" дæтты газеттæ æмæ журналтæ азы ДЫККАГ ÆМБИСÆН РАГАГЪОММÆ РАФЫССЫНЫ ФАДАТ. Уыимæ, апрелы æмбисмæ "Рæстдзинад" рафыссынвæнд чи скæна, уыдонæн æргътæ баззайдзысты 2022 азы фыццаг æмбисы æмвæзадыл, ома, радон æхсæз мæйæн газет рафыссæн уыдзæн 1171 сомы æмæ 26 капеккæй. Адæмы льготон къордты уæнгтæн та газет рафыссæн ис ноджы асламдæрæй, ома, 958 сомы æмæ 98 капеккæй.

Нæ зынаргъ газеткæсджытæ, уæ хорзæхæй, ногæй та æрбалæууут "Рæстдзинад"-ы фарсмæ æмæ йæ рагацау рафыссут.

Редакци

Дзырды фарн

Нæ фыдæлтæ сæ хъарм тугæй дæу балхæдтой, мæ зæхх.

КОЧЫСАТЫ Мухарбег

Боныхъæд

Республикæйы гидрометцентр куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **9 апрелы,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **13-18 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **13-15 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 13,08

Хурыскаст — 05,28
Хурныгуылд — 18,36

Валютæйы аргъ

Доллар — 74,07
Евро — 79,02

12+

Конкурс

Хуыздæр проекттæ

Авд цæгатирыстойнаг проекты фæуæлахиз сты ацы азы культурæйы, аивад æмæ сфæлдыстадон индустрийы къæбазы проекттæ æххæст кæныны фæдыл Президенты грантты фыццаг конкурсы.

Уæрæсейы Президенты администрацийы разамонæджы фыццаг хæдивæг **Сергей Кириенко** кæй амыдта, хатдзæгтæ конд æрцыдысты Культурон фæндæтты президентон фондмæ цæстдарæг комитеты уыцы æмбырды рæстæг.

Эксперттæ хицæн адæймаджы социалон-культурон кусæндон "Благодать"-ы (ирæттæ-алайнæгты культурæйы тыххæй видеоæрмæджытæ "Къона"-йы арæзтад), Терчы хъазахъхъаг æфсады æхсæнады (Цæгат Кавказы федералон зылды 4 субъекты регионты иумæйаг хъазахъхъаг фæсивæдон культурон центры арæзтад), сфæлдыстадон фæндæтты бюро "Мост"-ы (сфæлыдстадон специалистты æмгуыстады фæрцы мультиформатон æрмæджы арæзтад), хæдбар æнæкоммерцион кусæндон "Вдохновение"-йы (Цæгат Ирыстоны хъæуты курдиатджын сывæллæтты æргом кæныны хъуыддаг), амалиуæггæнæг **Дзаццеты Давиды** (техникон моделаразæн скъола "Raise"), хъæууон фæзуæтты рæзты агентад "Кавказ, живи"-йы (фестивал "Культурная территория"-йы арæзтад) æмæ фонд "Аланика"-йы (нырыккон аивады 16-æм дунеон фестивал "Аланика") проекттыл сразы сты.

Республикæйы минæвæртты фæндæттæ баххæст кæнынæн дихгонд грантты иумæйаг бæрц у 17,9 милуан сомæй фылдæр.

ГУЫРДЗЫБЕТЫ Зæринæ

Парламентæй

Тыхстаг фарстаты нывылад...

РЦИ-Аланийы Парламенты Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад æмæ арæзтадон политикæйы комитеты хъæппæрисæй арæзт æрцыд цæлхæмбырд. Уым æрдзырдтой, стыр социалон ахадындзинад кæмæн ис, ахæм фарстатыл.

Байгом æй кодта Комитеты сæрдар **Виталий Назаренко.**

Боны фæткмæ рахастой иу фарста — "Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы бирæфатерон хæдзæртты бындурон цалцæг, тыхстаг фарстатæ æмæ сæ банывыл кæнын".

РЦИ-Аланийы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министры хæдивæг **Кучиты Зауырбег** куыд загъта, афтæмæй, сæрмагонд паддзахадон программæйы бындурыл цалцæггæнинагыл банымадтой 2617 бирæфатерон хæдзары, иумæйагæй сæ фæзуат у 8 милуан квадратон метры. Уыдонæн сæ 31 проценты, кæнæ 819 хæдзары, цалцæггонд æрцыдысты 2021 азы æмгъуыдмæ.

Куыд фæнысан кодта, афтæмæй бирæфатерон хæдзæрттæн сæ 65 процентæн баихсыдысты сæ сæйраг конструкцитæ, хæдзæртты 10 проценты та æвæстиатæй цалцæггæнинаг сты.

Ацы фарстайæн ис стыр социалон ахадындзинад.

Цæрджытæй бындурон цалцæгæн цы фиддонтæ æмбырд кæнынц (5 сомы 68 капеччы иу квадратон метрæн йæ аргъ), уымæ гæсгæ нæ республикæ Уæрæсейы регионты 'хсæн ис фæстаг бынæттæй иуы.. Ацы хъуыддаджы раппæлинаг у Мæздæджы район — 80 проценты æмбырд кæнынц фиддонтæ.

— Адæмы 'хсæн хъæуы фылдæр æмбарынгæнæн куыст, фиддонтæ афойнадыл кæм æмбырд кæной, уыцы хæдзæртты цалцæг фæраздæр кæнæн уыдзæн, — загъта министры хæдивæг.

2014-2038 азты бирæфатерон хæдзæртты иумæйаг исбоны бындурон цалцæджы программæйы фæлгæты цы куыстытæ бакæнынц, уыдоны хæрзхъæддзинад фылдæр хатт зæрдæхсайгæ вæййы.

РЦИ-Аланийы цæрæнуатон æмæ архитектурон-арæзтадон цæстдарды паддзахадон службæйы минæвар **Таматы Радион** загъта, сæ службæйы куысты сæйрагдæр кæй у бирæфатерон хæдзæртты техникон уавæр сбæлвырд кæнын. Закъоны бындурыл 215 хæдзары уавæртæй хатдзæгтæ скæнгæйæ, уыдонæй 10 банымадтой бынтондæр халинагыл æмæ сæ программæйæ систой, 31 хæдзарæн та бахъæудзæн уæлæмхасæн арæзтадон экспертизæ.

"2021 азы цалцæггæнæн куыстытæ æххæстгонд æрцыдысты 226 хæдзары, фылдæр æргом аздæхтой хæдзæртты сæртæм, стæй, тæссаг чи уыд, ахæм лифттæ ивд æрцыдысты, æдæппæтæй регионалон оператор 2019 азы сæвæрдта 133 ног лифты", — ацы хабæрттæ фехъусын кодта РЦИ-Аланийы бирæфатерон хæдзæртты бындурон цалцæджы фонды минæвар.

Куыд загъта, афтæмæй 2022 азы кæронмæ цалцæггæнæн куыстытæ цæудзæн 49 бирæуæладзыгон хæдзары.

Ивгъуыд рæстæгмæ бахардз кодтой республикæйы æмæ муниципалон бюджеттæй, стæй цæрджыты фиддонтимæ иумæйагæй 981 милуан сомы.

Куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй быдурон цалцæггæнæн куысты сæйрагдæрыл нымад сты бæстыхайæн йæ сæр, лифты куыст, инженерон системæтæ, йæ æддаг къултæ æмæ йæ бындур.

Бынæттон хиуынаффæйады администрацитæ Фонды куырдиатмæ гæсгæ бадæттынц бындурон цалцæггæнинаг бирæуæладзыгон хæдзæртты номхыгъд, уымæ гæсгæ куыстыты пълан цæттæгонд æрцæуы.

Алы цæрæн бынатæн дæр йæ хæдзæрттæ йæ цæсгом сты, цæрджыты царды хæрзхъæддзинад æвдисæг. Республикæйы бирæфатерон хæдзæрттæн сæ 90 проценты æрбынæттон сты Дзæуджыхъæуы. Бирæтæн сæ æддаг бакаст, сæ аивдзинад районты центрты уæладзгуытæй бирæ заууатдæр у, — ацы хъуыды дæр райхъуыст æмбырды.

Кæронбæттæны цæлхæмбырды архайджытæ хатдзæгтæ скодтой, рахастой уынаффæтæ.

ЦÆГÆРАТЫ Жаннæ

Фыдракæнд

Æхцасайæг – ахæстонмæ!

Мæздæджы районы прокуратурæ посты бастдзинады хайады раздæры хицау-сылгоймагыл арæзт уголовон хъуыддаджы зылынкæнынадыл сразы.

Ацы сылгоймаджы ахходжын кæнынц Уголовон кодексы 160 статьяйы 3 хайы ("Куысты бынатæй пайда кæнгæйæ, адæймаг йæ бæрны уæвæг кæйдæр исбон йæхирдыгæй бакодта, ома, адавта") амынд фыдракæнд саразынæй.

Куыд рабæрæг, афтæмæй, пенситæ æмæ пособитæ кæмæй хъуамæ бафыстаиккой, куысты бынатæй пайда кæнгæйæ, сылгоймаг ахæм æхцатæ адавта.

Фыдгæнæджы æнæзакъон архайды аххосæй посты хайадæн æрхастæуыд 240 мин сомæй фылдæр материалон зиан.

Зианы хай барвæндонæй фыст кæй æрцыд, уый, стæй паддзахадон зылынгæнæджы хъуыды нымайгæйæ, тæрхондон сылгоймагæн рахаста 2 азы дæргъы дзырдмæ ахæстоны фæбадыны тæрхон 2 азы дæргъы фæлварæн æмгъуыдимæ.

Тæрхон йæ закъонон тыхы бацыд

РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ

Хабæрттæ районтæй

Кæй æвзардзыстæм?

Куыд зонæм, афтæмæй ацы фæззæг, 11 сентябры, уыдзæн хъæлæс кæныны иумæйаг бон. Нæ республикæйы цæрджытæ равзардзысты РЦИ-Аланийы Парламенты æвдæм равзæрсты депутатты, æвзæрстытæ цæудзысты партион номхыгъдтæм гæсгæ.

Цæгат Ирыстоны иннæ районты хуызæн Дыгуры районы дæр ацæудзысты æвзæрстытæ бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæм. Зæгъæм, Дигорайы цæрджытæ хъуамæ равзарой горæты Минæвæртты æмбырды депутатты. Бирæмандатон æвзарæн зылдтæм гæсгæ, Минæвæртты æмбырдты депутатты æвзардзысты фондз хъæууон цæрæн бынаты: Хъарман-Сындзыхъæуы, Къора — Урсдоны, Дур-Дуры, Мустыздæх æмæ Николаевскы станицæйы .

Комкоммæ æвзæрстытæй Хъарман-Сындзыхъæуы, Къора-Урсдон æмæ Николаевскы станицæйы цæрджытæ та равзардзысты хъæуты бынæттон хиуынаффæйады администрациты сæргълæуæджыты.

Адæм хъæлæс кæндзысты 11 æвзарæн участочы.

Ацы информаци фехъусын кодта Дыгуры районы фæзуатон æвзарæн къамисы сæрдар **Цалиты Анжелæ**.

"Дигори хабæрттæ"

Æмдых, æмзæрдæйæ

Хъæубæсты фæрныгад, йæ рухс фидæн рæзы йæ цæрджыты æмвæнд æмæ æмзондæй. Сæ иумæйаг уынаффæтæ, сæ хъуыдытæ æмæ фиппаинæгтæ Змейкæйы станицæйы цæрджытæ рахастой сходмæ.

Цæрæн бынаты сæргълæууæг **Дзуццаты Эльбрус** фæнысан кодта, дарддæр кæй ахæццæ кæндзысты иумæйаг зиутæ аразыны фæтк, станицæйы уынгтæ, фæзтæ æмæ уæлмæрдтæ æфснайыны хъуыддаг. Æмбырды архайджытæ сæ хъуыдытæ загътой хъомвосы хизæнæн фадæттæ саразынæн, хæдзарон быронæн, нуазыны дон æмæ æндæр лæггæдтæн фиддонтæ афойнадыл æмбырд кæнынæн. Иваргонд цæудзысты, йæ бырæттæ кæмфæнды чи кала, уыцы цæрджытæ.

Станицæйы цæрджыты сагъæстæ баст сты, нуазыны дон кæй нæ фаг кæны, æнæхæдзар, дзæгъæл цæрæгойтæ кæй сарæх сты æмæ æндæр фарстатимæ.

Сывæллæтты рæвдауæндон "Радугæ"-йы коллективы куырдиат уыд сæ кусæндоны алыварс ног æмбонд саразын.

Æппæт хъуыддæгтыл дæр æмдыхæй, хæдзардзинæй кусын — ахæм фæндон рахастой æмбырды.

"Размæ"

Аудынад

Куыст сын радтой

Цæгат Ирыстоны хицауад Луганск æмæ Донецкы Адæмон Республикæтæй нæм æрбацæуæг фыццаг 10 адæймагæн куыст радта.

— Луганск æмæ Донецкы Адæмон Республикæтæй нæм æрбафтæг адæмимæ ныхасы рæстæг дыууадæс адæймаджы кусын райдайыны фæнд скодтой. Нырма уал дæс адæймагæн куыст радтам, — загъта Цæгат Ирыстоны Адæмæн куыстдæттæг комитеты сæрдар **Платы Альбинæ**.

Хицауиуæггæнæг сылгоймаджы ныхасмæ гæсгæ, донбассæгтæ ныртæккæ рæстæгмæ кæм цæрынц, куыст сын радтой ахæм бынæтты. Нæ республикæмæ æрбацæуæг адæм кусын райдыдтой цæхæрадонмæзилджытæй, хъомылгæнджытæ æмæ райдайæн къæласты ахуыргæнджытæй.

14 куыстдæттæджы бавдыстой 202 уæгъд бынаты. Æппæтæй фылдæр кусджытæ хъæуынц хуыйæн фабричы (ардæм 150 адæймаджы райсынмæ цæттæ сты).

Уымæй уæлдай, уæрæсейаг бинонтимæ уæвæг донбассæгтимæ кусынц телефонон уагæй, æмæ афтæмæй 4 адæймаджы профессион ахуырады курсытæ каст фæуыны фæнд скодтой.

Нæ уацхæссæг

Хохмæ балц

Дзæуджыхъæуы центры экскурсийы рæстæг донбассаг фæсивæд Дзæуджыхъæуы администрацийы сæргълæууæг МИЛДЗЫХТЫ Вячеславæн загътой, хохмæ сæ ацæуын кæй фæнды, уый.

Боныхъæд куы фæхъарм, уæд сывæллæтты бæллиц баххæст. Горæты администраци æстай донбассаг адæймагæн (адонæй 60 — сывæллæттæ) Хохы Фыйягдонмæ балцæн фадæттæ сарæзта.

Уазджытæн Куырттаты комы рæсугъд зæрдылдарæн бынæттæ, Дзывгъисы фидар, Алайнаг Успены моладзандон æмæ æндæртæ равдыстой.

— Лæгæттæ æмæ фидаримæ æхсызгонæй базонгæ стæм, хохы цур нæ къамтæ систам. Сывæллæттæй бирæтæ хох фыццаг хатт бабæрæг кодтой. Нæ балцæй æмæ мидисджын экскурсийæ райгонд стæм, æхцон æнкъарæнтæ нæм сæвзæрд, — зæгъы Донбассæй æрбацæуæг ахуыргæнæг **Еленæ Степанова**.

Mercada Group фадæттæ кæмæн сарæзта, хохмæ донбассæгты балц ахицæн ахæм хæрзад сихорæй. Уымæй уæлдай, нæ республикæйы уазджытæ спайда кодтой хæрх ирхæфсæн фæзтæй. Донбассæгтæ хохмæ балцæй разыйæ баззадысты.

Ацы хабар фехъусын кодта Дзæуджыхъæуы администрацийы пресс-службæ.

Нæ уацхæссæг

Нæ уидæгтæ куы зонæм...

(Райдайæн 1 фарсыл)

Ацы уавæр хынцгæйæ, ССР Цæдисы Гæрзифтонг тыхты Уæлдæр командæгæнæг И.В.Сталин 1944 азы, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фронты Ирыстонæй рацæуæг хæстонты дзыллон хъæбатырдзинад бæрæг кæнгæйæ, СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкоммæ фæндон бахаста йæ автономи Хъыриммæ рахæссыны тыххæй. Фæлæ, Райгуырæн зæхх адджын кæй у, уымæ гæсгæ Ирыстоны адæмы нæ бафæндыд сæ цæрæн бынат æндæр ранмæ аивын.

Ай-гъай, бирæ историон, географион, археологон æмæ æндæр бæрæггæнæнтæ æрхæссæн ис, украинæгтæ XVIII æнусы кæрон æмæ XIX æнусы райдайæны нырыккон Украинæйы зæххыл кæй æрцардысты, уый тыххæй. Уымæ гæсгæ иудадзыг фарста кæй æвæрынц: мах нæ фыдæлты "историон зæххыл" цæрæм, æмæ нын цæгатирайнæгты культурон-историон бынтæ нæхи бакæныны бар ис, зæгъгæ, кæй дзурынц, уымæй тынг рæдийынц. Иу ныхасæй, уый у æдылыдзинад, уæлдайдæр, абон Кавказы ис Республикæ Цæгат Ирыстон-Алани æмæ Республикæ Хуссар Ирыстон-Паддзахад Алани, стæй дзы цæрынц алайнæгтæ (ирæттæ). Уыдон сты киммерæгты, скифты, сæрмæттæгты абоны комкоммæ байзæддæгтæ, æмæ уыдæттæ рох кæнын нæ хъæуы.

Хъыгагæн, уæлдæрамынд æцæг историон бæрæггæнæнтæ практикон æгъдауæй æппæтæй дæр рахаудтой Уæрæсейы æфсæддон-политикон тырнындзинæдтæй Украинæйы, æмæ уый уæрæх гæнæнтæ сарæзта Уæрæсейы ныхмæ дарддæр пропагандистон дзæнгæда парахат кæнынæн.

Иу ныхасæй, фарстайы хъуыды уым ис, æмæ нырыккон дунейы цæгатирайнæгты культурон-историон бынтæм бар чи дары, уыдон сты æрмæстдæр иранæвзагон алантæ (ирæттæ). Уымæн æмæ, дунеон историографи куыд амоны, афтæмæй уыдон сты сæ фæстаг "схъистæ". 1774 азы Уæрæсейы империйы скондмæ бацæугæйæ, ирæттæ хъæбатырæй хæцыдысты, Уæрæсе цы хæстыты архайдта, уыдоны. Куыд нымад æрцыд, афтæмæй алайнæгтæ Уæрæсейы (ССР Цæдисы) бындурон адæмты æхсæн фыццаг бынат ахсынц канд афицерты, инæлæртты æмæ Советон Цæдисы Хъæбатырты нымæцæй нæ, фæлæ ма Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи фæмард, уыдоны нымæцæй дæр. Уымæ гæсгæ æнæнхъæлæджы нæу, абон дæр Аланийы хъæбултæ УФ-йы иннæ адæмты минæвæрттимæ украинаг националистты, гуырдзиаг, прибалтиаг, польшæйаг бархионты ныхмæ гæрзифтонгæй кæй хæцынц, уый. УФ-йы хуссайраг арæнты та уыдон лæууынц, укронацистты хуызæн НАТО-мæ чи бырсы, уыцы гуырдзиаг национал-шовинистты къартлонацистты ныхмæ.

Ацы æнæивгæ цауы мах уынæм дыууæ закъонæмбарынады: фыццаг — Аланийы (Ирыстоны) адæм 1774 азы Уæрæсейаг империйы раз сæхимæ цы хæстæ райстой паддзахад фидар кæныны æмæ йæ хæдбардзинад хъахъхъæныны тыххæй, уыдон æххæстгонд цæуынц хъуыддагæй; дыккаг — куыд Украинæйы цауы хуызæн, афтæ Гуырдзыстоны цауы хуызæн дæр мах ахæм хъуыддаг уынæм æмæ советон хицауад цы паддзахадон сарæзтытæ скодта, уыдоны уæды рæстæджы разамынд, куыд æмбæлы, афтæ нæ ахъуыды кодта.

Æппæт ацы ног æмæ ногдæр истори дзурæг у Аланийы (1774 аз) историон æвзæрстыл Уæрæсеимæ, йæ бирæнацион адæмимæ уæвыныл. Фæлæ йæ развæлгъау астæуæнусты тыхджын уыд иумæйаг ирайнаг-славянаг æмбарынад. Дзырд "Русь"-æн ис цæгатирайнаг уидæгтæ, æмæ уый тыххæй фыста суанг Михаил Ломоносов дæр. Уый æмхуызондзинад ссардта роксалантæ, рухсалантæ æмæ "рус"-ты æхсæн. Æрмæст къниаз Всеволод Большое Гнездойы мыггаг æмæ Ясыня Марйа уырысæн балæвар кодтой 13 сыгъдæг уды, уæлдайдæр къниæзтæ Александр Невский æмæ Дмитрий Донской.

Афтæмæй алайнæгтæ (ирæттæ) æмæ великоросстæ (уырыссæгтæ) хæрзхæстæг адæмтæ сты (æвзаджы хъæдмæ гæсгæ æмæ культурон-историон бæрæггæнæнтæм гæсгæ дæр), æмæ ууыл дзурæг сты нæ бирææнусон истори, династиты æхсæн къайæдтæ, стæй иумæйаг знæгты ныхмæ хæцын æмæ æндæртæ. Уымæ гæсгæ нырыккон Уæрæсе у индоирайнаг (цæгатирайнаг) æхсæнады байзæддаг.

Ацы æнæивгæ æцæгдзинад растыл банымайын УФ-йы разамындæн фадат радтид йæ мидполитикон æмæ æддагон политикон курс æмбæлгæ хуызы саразынæн, Уæрæсейæн историон-политикон бындур куы фæуа, уæд та йын бар уыдзæн нырыккон Украинæйы зæхх бæрæг кæнынæн дæр æмæ канд уый дæр нæ. Зæрдæдарæн ис, фæстаг политикон цаутæ кæйдæрты тæвд сæртæ кæй æруазал кæндзысты Украинæйы, æмæ гæнæн кæй фæуыдзæн великороссты, малороссты æмæ белорусты æрбаиу кæнынæн.

Владимир Владимиры фырт, 2022 аз УФ-йы бирæнацион адæмæн ссис канд зындзинæдтæ æвзарыны аз нæ, фæлæ ма бæрæг кæндзыстæм Республикæ Аланийы сарæзты (1922-2022 азтæ) 100 азы юбилей дæр, Аланийыл саргъуыды 1100 азы бæрæгбон та нæм уæлдай кадджындæр уавæрты ацæудзæн. Уымæ гæсгæ нæ Фыдыбæстæйы абон æмæ фидæнæн дæр æнæмæнг хъуыддагыл нымайæм, политикон идеологийæ сифтонг кæнгæйæ, æмæ алайнæгты-ирæтты (уырыссаг азфыстыты "ястæ") æмæ уырыссæгты ("рус"-ты) историон хъысмæттæ дæр æмбаргæйæ, ахсджиагыл нымайæм, Аланийы Хуссар æмæ Цæгаты чи цæры, уыцы дихгонд адæмы Уæрæсейы Федерацийы ног субъекты — Республикæ Аланийы æрбаиу кæнын.

ДЗАНАЙТЫ Хадзымæт, Æхсæнадон змæлд "Национ форум "Алани"-йы сæрдар, политикон наукæты доктор, профессор

Цæрджыты удæнцойæн

Олгинскæ у Рахизфарсы районы стырдæр хъæутæй иу. Йæ цæрджыты нымæц — 3,5 мин адæймаджы бæрц, ис дзы 930 хæдзары.

Куыд алы хъæуы, афтæ Олгинскæйы дæр ис бирæ лыггæнинаг фарстатæ, æмæ сын ацы хъуыддаджы алывæрсыг æххуыс кæны бынæттон хъæууонхæдзарадон куыстуат "Фæлварæн станцæ "Олгинскæйаг" æмæ йæ сæргълæууæг **Уыртаты Зауырбег**. Сæхимæ хæс райстой хъæуы администрацийы бæстыхай æмæ йæ алывæрстæ сцалцæг кæнын, скæнын дзы фæлладуадзæн бынат, шахмæтты клуб, тренажерты зал æмæ сывæллæттæн цъæх нæууыл хъазæн фæз, стæй теннисы стъолтæ сæвæрын.

Хъæуы фæсивæд æмæ сывæллæттæн уый ахсджиаг хъуыддаг у, æмæ сæм æнхъæлмæ кæсынц.

Афæдзы райдайæнæй сæ иузæрдион архайдæй кæрæйкæронмæ ивд цæуы хъæуы зæронд уæлмæрды быру. Куыстуаты хардзæй æлхæд æрцыдысты артагæй кусæг дыууæ хырхы æмæ цæвæджы.

Хъæуы администраци цы зиутæ расиды, уырдæм цæрджытæ æнæзивæгæй рацæуынц. Æфснайæн æмæ аивгæнæн куыстытæн хъæугæ кусæнгæрзтæ балхæнынæн дæр станцæ баххуыс кæны.

Уæдæ нуазыны дон цæмæй къуылымпытимæ ма цæуа, уый тыххæй та балхæдтой тыхджын донцъирæнтæ. Футболон командæ "Ног фæлтæр" йæ æнтыстдзинæдтæй кад кæны Олгинскæйæн. Спортсментæ бузныг сты зæхкусджытæн сæ æххуысæй — тренировкæты хъæугæ дзаума сын балхæдтой, футболæй хъазæн фæз сæхгæнынмæ дæр сын баххуыс кодтой. Ныр та сын зæрдæ бавæрдтой нырыккон аразгæ футболон фæз скæнынæй. Олгинскæйæгтæн æй балæвар кодта Уæрæсейы футболы федераци.

"Рахизфарсы цард"

Адæмон театр

Цыфæнды зын рæстæг дæр аивад уыд адæмæн сæ тыхстсафæг, ныфсдæттæг æмæ сæ фидæны цардмæ чи разæнгард кодта, уыцы хотых.



Мæздæджы адæмон драмон театры хæдахуыр артисттæ архайынц цæрджытæн æхсызгондзинад балæвар кæнын, ног æнкъарæнтæ æмæ хъуыдытыл сæ бафтауынæл.

Театры режиссер **Людмилæ Склярова** йæ алыварс æрæмбырд кодта курдиатджын фæсивæды.

— Театрмæ куы æрбацыдтæн, ууыл 20 азы рацыд. Нæ артисттæн сæ фылдæр сты скъоладзаутæ, театр зæрдæйæ чи æнкъары, ахæмтæ. Æфсæрмыгæнаг вæййынц раздæр, фæлæ сын мах сæ курдиат райхалæм, — зæгъы Людмилæ.

Адæмæн уарзон сты спектаклтæ "Завтра была война", "Про Федота Стрельца — удалого молодца". Ныр та сценæйы æвæрдзысты Владимир Железняковы пьесæ "Чучело".

"Мæздæджы хабæрттæ"

Æрмæджытæ бацæттæ кодта ГУГКАТЫ Жаннæ

Скæнæм нæ тырыса дзыллæйы номæй, —
Рухсмæ æнæзивæг цомут æнгомæй!..

НÆ ИРЫ ФÆСИВÆД

ГАЗЕТ ГАЗЕТЫ

ГАЗЕТ ЦÆУЫН РАЙДЫДТА 1994 АЗЫ 31 МАРТЪИЙЫ

2022 АЗЫ 9 АПРЕЛ — ХУЫМГÆНÆНЫ МÆЙЫ 9 БОН, САБАТ №9 (83)

Цардвæндаг

Мæ фыццаг ахуыргæнæг

Адæймаг иу чысыл царды дугъы куы ауайы, цардæн йæ ад куы бамбары, уæд, æвæдза, цас диссаджы фиппаинæгтæ скæны йæхицæн. Фæфæнды йæ азтæй исты фæстæмæ раздахын, цардвæндагыл кæцыдæр къахдзæфтæ не скæнын, иннæтæ та — ногæй бавзарын. Цæуылдæртыл вæййы фæсмойнаг дæр.

Цард цæрынæн бирæ хъару хъæуы, цард раст фæцæрынæн та — ноджы фылдæр. Алкæй цардвæндагыл дæр, мæнмæ гæсгæ, вæййы ахæм адæм, арф фæд дзы чи ныууадзы. Мæн "фæдуадзæг" адæмæй та иу у мæ фыццаг ахуыргæнæг.

Бирæ арфæйы ныхæстæ райгуырд мæ зæрдæйы, æвæццæгæн, æмæ алкæддæр уыдысты, фæлæ сыл ныры онг лæмбынæг никуы ахъуыды кодтон.

Хæуытаты Сергейы чызг Фаризкæ (Хæтæлдоны астæууккаг скъолайы райдайæн кълæсты ахуыргæнæг). Ермæст дæ ном фехъусгæйæ дæр мæ цæсгомыл ахъазы мидбылхудт. Цас хъарм мысинæгтæ баст сты демæ! Тæхуды, æмæ дын Хуыцау уал хорздзинады куы балæвар кæнид! Дæ фæлмæн къухты бандзæвд, дæ зондджын цæстæнгас, дæ аивдзинад, дæ хъæздыг миддуне... Куы мын зæгъиккой, сныв ма кæн æцæг ирон сылгоймаджы фæлгонц, уæд цымæ чи слæууид мæ цæстыты раз?! Дæхæдæг!

Мæ ныхас — дæумæ, ныллæг дын кувын. Дæу фæрцы мæм алкæддæр уыд уæлдай тырнындзинад ахуыр кæнынмæ, алыхуызон хъæзтыты бæсты мæ зæрдæйæн æхсызгондæр уыдис чингуытæ кæсын æмæ фыссыныл архайын. Дæхæдæг-иу нын дзырдтай, адæймаг рæдийаг у, зæгъгæ, фæсмон кæнын кæй ницæуыл хъæуы. Фæлæ архайын, рæдыдтытыл кусын, уыдон скуынæг кæнын — нæ хæс. Уæд кодтай растфыссынады кой æмæ дæ æмбæрстон, фæлæ ныр дæ уæды ныхæстæ систы мæ цардæн йæ фæндаг амонджытæ. Зæгъын дын бузныг! Сылгоймагæн йæ амонд — цот, бинонтæ, уыдоны хорздзинæдтæ. Афтæ зæгъон, Хуыцау бахизæд сылгоймаг кувæгæй, фæлæ курын, чи дын ис, чи дæ уарзы æмæ кæй уарзыс, уыдонимæ ма бирæ азты дæргъы æнæниз, æнæмастæй фæцæр!

Мæ хъуыдымæ гæсгæ, дæуæй бузныг чи у, ахæм адæм гыццыл нæй, мах бирæ стæм, æмæ дыл махæй алкæй хорз салам дæр сæмбæлæд!

Кæд ахуыргæнæг, уæд æрмæстдæр дæу хуызæн!

БЕТРОЗТЫ Аленæ,
Суададжы астæууккаг скъолайы уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг, дæ ахуыргæнинæгтæй иу

Нæ алыварс дуне

Æнæ маргъ æрдз нæ фидаудзæн

Зæххы къорийыл мæргътæ куы нæ уал уой, уæд æрдз æмæ адæймагмæ цас фыдбылызтæ кæсы, уый зын зæгъæн у...

Мæргътæ куы фесæфой, уæд нал хъуысдзæн сæ рæсугъд зард, уыимæ адæймаджы зæрдæйæн цы циндзинад хæссынц, уый дæр. Ныссабыр уыдзысты хъæдтæ, быдыртæ, парктæ. Раст цыма сæ кæрæдзийæн сæ сусæгдзинæдтæ фæдзурынц, уыйау сæ цъыбар-цъыбур дæр нал хъуысдзæн. Нал нын радзурдзысты, æрæгвæззæджы дард хуссармæ тæхгæйæ сæ фæндаг куыд ацæуы, уый тыххæй дæр. Нал сын фехъусдзыстæм, Райгуырæн бæстæйыл цы хъæлдзæг зарджытæ фæкæнынц, уыдон.

Уæд зæххы цъар байдзаг уыдзæн алыхуызон зулчъытæ æмæ бындзытæй. Мыстытæ æмæ хъулон уырытæ быдыртæ сафтид кæндзысты. Хъуынджын къуыдыр кæлмытæ æмæ хъæндилтæ хъæдтæ бабын кæндзысты. Æнкъард æмæ афтид уыдзæн **æрдз нæ алыварс**. Æмæ цæмæй уыцы фыдбылызæй Зæххы къори бахизæм, уый тыххæй нæ не 'ппæты дæр хъæуы архайын, мæргътæн æххуыс кæнын.

Не скъолайы сæвзæрд ахæм хорз традици: æрвылаз алы фæззæг дæр нæхи къухтæй саразæм хæрæн бынæттæ мæргътæн, æмæ сæ скъолайы кæрты æмæ хъæуы бæлæстыл æрцауындзæм. Нæ базырджын хæлæрттæн алчидæр цæстуарзонæй хæринаг авæры.

Æрдз бахъахъхъæныны хъуыддаджы мах фæллойы хай дæр кæй ис, уый нын дæтты æнæкæрон циндзинад æмæ æхсызгондзинад.

КЪОРАТЫ Сæрмæт,
Джызæлы 2-æм астæууккаг скъолайы 6 "А" къласы ахуыргæнинаг

Конкурс

Гран-при - Дзебысаты Орнеллæйæн

РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрад, Сывæллæтты сфæлдыстады республикон галуан, Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университет æмæ ахуыргæнджыты фæлтæрдзинад фæбæрзонддæр кæныны институты хъæппæрисæй ærвылаз дæр Дзæуджыхъæуы ацæуы регионалон конкурс "Къæпхæн — зонадмæ".

Уым сæ хъарутæ æмæ сæ зонындзинæдтæ алыхуызы номинациты февзарынц нæ республикæйы алы скъолаты курдиатджындæр ахуырдзаутæ.

Конкурс арæзт цæуы сывæллæтты æмæ фæсивæды сфæлдыстадон æмæ наукон-техникон рæзты Федералон наукон-ахуырадон программæ "Уæрæсейы национ исбон"-ы фæлгæты.

Ацы аз дзы номинаци "Литературæиртасынад, литературон сфæлдыстад"-ы фыццаг бынат бацахста Дзæуджыхъæуы скъола-интернаты ахуырдзау Дзебысаты Орнеллæ. Æвзонг курдиатджын чызгмæ уый фаг нæ фæкаст, фæлæ йæ бафæндыд йæ хъарутæ бавзарын æппæтуæрæсеон конкурс "Национальное достояние России"-йы, зæгъгæ, уым. Конкурс ацыд 15 мартъийы. Орнеллæ дзы ахæм бæрзонд цæттæдзинад равдыста æмæ йыл журийы уæнгтæ сæ цæст æрæвæрдтой.

Рагагъоммæ уырдæм арвыста йæ иртасæн куыст "Æнæниздзинады цауд гæнæнтæ кæмæн ис, ахæм æнахъомы сурæт нывæндыны фæрæзтæ нырыккон литературæйы" æмæ тезистæ.

Конкурсы цы сывæллæттæ архайдтой, уыдон уыдысты Уæрæсейы алы регионтæй: Камчаткæ, Якути, Бетъырбух, Мæскуы, Сахалин æмæ афтæ дарддæр. "Литературæиртасынад"-ы номинацийы æдæппæтæй архайдтой 25 ахуырдзауы.

Жюрийы уæнгтæ уыдысты дæсны æмæ зындгонд профессионалтæ. Уыдоны 'хсæн Михаил Ломоносовы номыл Мæскуыйы паддзахадон университеты фæсарæйнаг æвзæгты факультеты англисаг æвзаджы ахуыргæнæг Иван Крючков, Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт артист, Дунеон театралон фестивал "Сыгъзæрин Витязь"-ы лауреат Юрий Голышев æмæ иннæтæ.

— Мæнæ уын ирд дæнцæг, иртасæн куыст куыд æххæст кæнын хъæуы, уымæн. Ænæмæнг, афтæ хъæуы раргом æмæ бацæттæ кæнын, цы æрмæг равзæрстай, уый. Стыр бузныг уын зæгъын, ахæм бæрзонд цæттæдзинадæй нын нæ зæрдæтæ кæй барухс кодтат, уый тыххæй,— загъта жюрийы эксперт.

Орнеллæ рамбылдта фыццаг бынат æмæ йын лæвæрд æрцыд конкурсы Гран-при. Схорзæхджын æй кодтой риуылдаргæ нысан "Æвзист дзуар"-æй. Куыд зонæм, афтæмæй ахуырады программæйы уымæй стырдæр æмæ кадджындæр хæрзиуæг нæй.

Уый фæстæ иумæйаг æмбырдгонды ныммыхуыр кодтой Орнеллæйы тезистæ.

Уый хуызæн аккаг хъæбултæ фылдæр уæд — йе 'гъдауæй, йæ ахуырæй æмæ ирд курдиатæй, йæ чысыл фæллойæ дæр Ирыстоны кадыл кад чи æфтауы, ахæмтæ. Мах та сæ уыдзыстæм сæрбæрзонд.

ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ

Таурæгъ

Амондагур

Иу зæронд лæг тынг æрры нчын æмæ бацагуырдта йæ фырты.

— Мæ хъæбул, зонын æй, æз тагъд амæлдзынæн, æмæ мæ фæнды, цæмæй мæ фæстæ дæ цард амондджын уа, уый, — загъта зæронд лæг.

Лæппу йæ бафарста:

— Мæ фыд, цы бакæнын хъæуы, цæмæй амондджын уон, уымæн?

Фыд дзуапп радта:

— Азил бæстæтыл, æмæ дын æй иу зæгъæг фæуыдзæн, амондæн ссарæн куыд ис, уый.

Амард фыд, лæппу хистытæ фæкодта, стæй ацыд дард фæндагыл йæ фыды фæдзæхстмæ гæсгæ. Цас фæцыдаид, чи зоны, фæлæ бахæццæ фурды цурмæ æмæ уыны: фурды былгæрæтты разил-базил кæны иу бæх — мæллæг, æххормаг, зæронд.

— Кæдæм дæ фæндаг дарыс, лæппу? — бафарста йæ бæх.

— Амондагур цæуын, кæд æй, мыййаг, зоныс, кæм агурын æй хъæуы?

— Байхъус-ма, хорз лæппу, æз дын цы зæгъон, уымæ, — загъта бæх. — Æрыгон ма куы уыдтæн, уæд мæ иууылдæр тынг буц дардтой. Мæ сæр дæр-иу нæ разылдтон æрбацæуæгмæ мæ фыр хъалæй, æнхъæлмæ-иу кастæн, хъуамæ мын æй къухæй радтаиккой. Куыст цы у, уый нæ зыдтон, иннæтимæ мæ хъуыддаг дæр ницы уыд, æмæ хъуыды кодтон, нæй мæнæй амондджындæр, зæгъгæ.

Ныр мæнæ кæсыс, базæронд дæн, ныр та иннæты мемæ ницыуал хъуыддаг ис. Уымæ гæсгæ, мæ хур, хъахъхъæн де 'рыгон бонтæ, æрмæст сæ æз куыд хъахъхъæдтон, афтæ нæ. Искæмæ макуы æнхъæлмæ кæс, фæлтау, дæ бон кæм у, уым дæхæдæг баххуыс кæн. Алы куыстмæ дæр цырд лæуу. Зон искæй циныл цин кæнын, искæй хъыгыл хъыг кæнын, æмæ уæд дæ фæстаг бонтæм дæ цуры уыдзысты хæлардзинад æмæ уарзондзинад. Уæд амонд дæр уыдзæн дæ цуры!

Лæппу бузныг загъта бæхæн æмæ дарддæр ацыд.

Цас фæцыдаид, чи зоны, фæлæ æвиппайды йæ размæ фæцис дынджыр калм.

— Кæдæм дæ фæндаг дарыс, лæппу? — бафарста йæ калм.

— Амондагур цæуын, кæд æй, мыййаг, зоныс, кæм агурын æй хъæуы? — дзуапп ын радта лæппу.

— Байхъус, уæдæ, мæнмæ, — ссыф-сыф кодта калм, — Цæрæнбонты хъал уыдтæн мæ маргæй, æз æнхъæлдтон æппæтæй тыхджындæр дæн, уымæн æмæ мæ иууылдæр тарстысты. Фæлæ дзæ-



гъæлы афтæ хъуыды кодтон. Се 'ппæтæн дæр дæн æнæуынон, æнад. Иууылдæр мæ хъавынц марынмæ. Ныр та се 'ппæтæй дæр æз æмбæхсын мæхи, алкæмæй дæр мæхæдæг тæрсын. Дæуæн дæр мæнау дæ дзыхы ис дæ марг — де 'взаг. Кæс æмæ хъуыды кæн дæ алы ныхасыл дæр, дзæгъæлы дзы макуы макæй бафхæр! Æмæ дæ уæд тæрсын, искæмæй дæхи æмбæхсын никуы бахъæудзæн. Уæд амонд дæр уыдзæн дæ цуры!

Лæппу бузныг загъта калмæн æмæ дарддæр ацыд. Цас фæцыдаид, чи зоны, æвиппайды йæ размæ фæцис дынджыр бæлас. Бæласы къалиуыл бадтис цавæрдæр рæсугъд цъиу, йæ пакъуытæ хургъуыр сты. Дæхи хуызæн нал дæ, дæ размæ чи фæвæййы, уый иннæрдæм азилы йæхи. Афтæмæй дæм амонд дæр куыд бацæуа хæстæг?! Бахъуыды кæн мæ ныхас: "Хъуамæ дæ алцыдæр уа сыгъдæг аив æмæ рæсугъд. Уæд дæ алыварс дæр срæсугъд æмæ саив уыдзæни. Æмæ уæд дæ амонд дæр фендзынæ".

Лæппу бузныг загъта рæсугъд цъиуæн æмæ фæстæмæ раздæхт йæ хæдзармæ.

Уый ныр зыдта, амондмæ искуыдæм цæуын кæй нæ хъæуы, уый!

БИГАНАТЫ Аслан,
Беслæны 7-æм скъолайы 7-æм къласы ахуыргæнинаг

Æмдзæвгæтæ

Мæ Ир

Хуссарæй Цæгатмæ уарзын Ир, уый зон!
Мæ алайнаг тугæй дæн æз сæрбæрзонд!
Ноджы ма бæрнонæй æз кæнын лæггад,
Кафын æмæ зарын ерысты фыццаг.

Уарзын Ир куы зæгъон,
Уæд, бæгуыдæр, зон!
Ærдзы райдзаст нывтæ —
Зæрдæйæн æхцон.

Аргъæутты бæстæйау,
У зынаргъ мæ Ир!
Цас зынаргъ ныхæстæй
Сбуц кæнин уый ныр...

УАНЕТЫ Сослан,
Дзæуджыхъæуы 43-æм скъолайы
6 "А"къласы ахуырдзау

Хæс

Цы сарæзтон царды пайдаджын?
Цæмæй барухс кодтон уæ цæст?
Фæдæн, цымæ, амондæй хайджын?
Уæ зæрдæйы баззад мæ фæд?

Уыдтæн уын удылхæцæг искуы?
Æссыгътон уæ хуылфы æз арт?
Фæкастæн уæм, мыййаг, æз искуы
Æсуадзын уæ уды фæллад?

Кæд уыдонæй исты мын бантыст,
Уæд амондæй хайджын фæдæн.
Мæ зæрдæйыл базыртæ рацыд.
Уæд раст фæндагыл æз цыдтæн.

Цæудзынæн ыл дарддæр дæр афтæ,
Мæ фæндаг нæ ивдзынæн æз.
Зæрдæхæлар адæймаг — арфæ;
Зæрдиагдзинад та — мæ хæс.

БОКОТЫ Марианнæ,
Дзæуджыхъæуы 38-æм астæууккаг
11-æм къласы ахуырдзау

Уалдзæг

Фесты уазал зымæгон бонтæ,
Ихтæ тайын райдыдтой.
Хъарм бæстæй здæхынц мæргътæ.
Быдыртæ дидинæг акалдтой.

Уалдзыгон хур тынгдæр 'ндавы,
Дæттæ фурдмæ згъорынц тагъд.
Ærдз та йæ тарф фынæйæ райхъал,
Уалдзæг, 'гас та нæм цæуай!

ПУХАТЫ Ацæмæз,
Дзæуджыхъæуы 43-æм скъолайы
7 "В" къласы ахуырдзау

Бирæгъ

Бирæгъ дардæй федта фысты
Къæдзæхы рæбын.
Фыстæ гуппарæй хызтысты
Сойджын кæрдæгыл.

Уæд налат бахъуызыд сæ цурмæ,
Æрæлхъывта йæ ком,
Æфсургъау раппæрста йæ уæнгтæ,
Дзугмæ 'рцыд æргом.

Фосы 'хсæнæй сау рыг таугæ,
Хæкъуырццæг кæнгæ,
Дуртæ пырх, ссæндгæ сыкъайæ,
Æрлæууыд фыр ныхмæ.

ХОДТЫ Георги,
Дзæуджыхъæуы 43-æм астæууккаг скъолайы
5 "А" къласы ахуырдзау

Фарс бацæттæ кодта
ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ

Номарæн изæр

Хæлар ахастдзинæдтæ

Мæздæджы уыд ирон профессион музыкæйы бындурæвæрæг, дирижер æмæ педагог ГАЛАТЫ Аслан-Гирейы (Барисы) номарæн изæр.

Ирон сфæлдыстадон фæсивæды уарзон адæймаг Черноярскæйы кæй райгуырд æмæ схъомыл, уый нымайгæйæ, дзыллон мадзалмæ бирæ черноярскæгтæ (се 'хсæн уыдысты аивæдты сгуыхт архайджыты байзæддæгтæй дæр) æрбацыд.

Къамты стыр равдыстмæ кæй бахастой, Галайы-фырты номыл фонды директор **Гаглойты Лианæ** номарæн изæрмæ æрбацæуæг адæмæн уыцы ног æрмæджытæ æмæ къамты тыххæй хабæрттæ радзырдта. Галайы-фыртæн зындгонд нывгæнæг Тугъанты Махарбегимæ хæлар ахастдзинæдтæ кæй уыд, стæй, фыццаг музыкалон драмæ "Батрадз"-ы автор кæй у, бирæтæ уый нæ зонынц.

— Мæ зындгонд рагфыдæлы номарæн изæрмæ æхсызгонæй æрбацыдтæн. Ацы æмбырды архайдæй райгонд дæн, — загъта аивады зындгонд архайджыты байзæддæгтæй иу — **Галаты Ростислав**.

Амынд фонды бындурзын. Уымæй уæлдай, сывæллæтты конд нывтæ кæдæм бахæсдзысты, рауадзынмæ хъавынц Галайы-фырты сфæлдыстады тыххæй ахæм чиныг.

Канд уæрæсейæгтæ нæ, фæлæ, фæсарæйнæгтæ дæр Аслан-Гирейы сфæлдыстадимæ зонгæ кæй сты, æмбырдмæ æрбацæуæг адæмæн уый тыххæй хабæрттæ радзырдтой.

Евгения ВЫБОРНАЯ

Аивад

Фестивалы лауреат

Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты аивæдты факультет ссис Бетъырбухы ацæуæг студентты дунеон фестивал "Актерское мастерство языком пластики"-йы лауреат.

Ахуыргæнæг **Гуццаты Тамерлан**, стæй студенттæ **Цъугкиты Вероникæ**, **Байаты Ацæмæз** æмæ **Цæгæраты Руслан** систы номинаци "Сценическое фехтование"-йы 2-аг къæпхæны лауреаттæ.

— Ахуыргæнæгæй æрæджы райдыдтон кусын, æмæ, мæ хъарутæ ахæм стыр конкурсы кæй бафæлвæрдтон, уымæй райгонд дæн. Æхсай уæлдæр скъолайы æхсæн онлайн-уагæй æвзарæн турæй кæронбæттæнмæ рацыдыстæм, хуынды гæххæтт райстам. Раст кæй архайæм, призон бынат бацахсгæйæ, уый рахатыдтæн. Махæн баххуысгæнæг нæ университеты ректор Огъуаты Аланæн — бузныг, — загъта Гуцайы-фырт.

Фестивалы кæронбæттæны архайдтой Бетъырбух, Мæскуы, Воронеж, Екатеринбург, Владивосток, Перм, Красноярск, Дзæуджыхъæу, Челябинск, Ярославлæй, стæй Белорусси, Итали æмæ Китайæ уæлдæр ахуыргæнæндæттæ командæтæ.

Нæ уацхæссæг

Дзырдбыд



ФÆРСЫРДÆМ: 1. Советон Цæдисы маршæл. 4. Цыргъаг. 6. Хæдзармæ бацæуæн. 8. Къухы хай. 9. Ærдхорд. 10. Рæстæджы бæрц. 11. Доны, зæххы цæрæгой. 13. Зындгонд французаг футболист. 16. Хъæууонхæдзарадон машинæ. 20. Рагон хæцæнгарз. 21. Мæргъты цæрæнбынат. 23. Горæт Германы. 24. Медицинон кусæг. 28. Уруймæгты Езетханы пьесæ. 31. "...цæуаг уазæг æгад у" (æмбисонд). 33. Æхцайы бæрц. 34. Октябры революцийы агъоммæ горæт Дзæуджыхъæуы хицау. 35. Тæхаг маргъ. 36. Музыкалон инструмент. 37. Химион элемент. 38. Номдзыд инæлар Мамсыраты Хаджумары фæсномыг.

БЫНЫРДÆМ: 2. Хъæу Цæгат Ирыстоны. 3. Административон-территорион иуæг. 4. Хъæууонхæдзарадон кусæнгарз. 5. А. Фадеевы роман. 6. Æнæкарст хус кæрдæг. 7. Бастдзинады фæрæз. 12. Сæдæ азы. 13. Кой, дам. 14. Советон уырыссаг фыссæг. 15. Бæхы мыггаг. 17. Фæлгæсæн бынат хæхты. 18. Уæлдæфон нау скъæрæг. 19. Горæт Испанийы. 22. Нард фыдæй конд хъæрмхуыпп. 25. Нарты Батрадзы усы ном. 26. Уæзы бæрц. 27. Хъахъхъæнæг. 29. Плиты Грисы æмдзæвгæ. 30. Цæугæдон Индийы. 32. "...зымæг, тыхст зымæг — нæ катай, нæ мæт" (Къоста).

Дзуаппытæ 2 апрелы мыхуыргонд дзырдбыдæн

ФÆРСЫРДÆМ:
2. Кæхц. 4. ... нал... . 5. Еска. 9. ...бикъ... . 12. Луар. 13. Ælутон. 14. Байраг. 15. Край. 18. Амур. 20. Гаагæ. 21. Стай. 22. Хæфс. 27. Къанц. 29. Къуымæл. 30. Сасир. 31. Их... . 32. Марине. 33. Отпуск. 34. Иу... . 38. Тенка. 39. Фæткъуы. 40. Налат. 44. Хъæд. 45. Къох. 47. Сыппа. 50. Сиск. 53. Асæх. 55. Уадсур. 56. Самуил. 57. Мылы. 58. Сари. 59. Ронг. 60. Гал... . 61. Баку.

БЫНЫРДÆМ:
1. Тигр. 2. Къæй. 3. Хъуытаз. 6. Сæрдзæгр. 7. Алга. 8. Хару. 10. Цонг. 11. Зарæ. 16. Аз. 17. Уацмыс. 19. Ми. 23. Бал. 24. Хъæндæл. 25. Дæлтъур. 26. Аст. 28. Цъала. 30. Сусæн. 35. Æна. 36. Скъапп. 37. Ала. 38. Тыл. 41. Тæу. 42. Кæркдон. 43. Къурупа. 46. Ус. 47. Стур. 48. Адаг. 49. Ас. 51. Идыл. 52. Куыр. 53. Алсу. 54. Æрра.

Хорзы фæд нæ сæфы

Лæгæн йе 'гъдау йæ разæй цæуы

Зæххыл хæрзуд адæймаг бæрæг фæдары йæ царды рæсугъд къахдзæфтæй. Адæмимæ цæрæг æмæ сын æгъдаудæттæг куы вæййы, уæд уымæ гæсгæ йын кад æмæ аргъ фæкæнынц, йæ алыварс хурау кæй фæтавы, уыцы дзыллæтæ. Ахæм фæрнджын хистæрæй Ирыстоны зыдтой фæлтæрдджын юрист нæ республикæйы Мидхъуыддæгты министрады ветеран Мæхæмæтты Алиханы фырт Юрийы. Цы хъуыддаджы сæр иу балæууыд, уым-иу уыд кад дæр æмæ бæркад дæр. Уыцы хорзæхтæ рахаста йæ райгуырæн хъæу Дур-Дурæй, йæ ныййарджытæ уæздан æмæ хъæубæсты нымад хистæртæ Алихан æмæ Машайы зæрдæты фарныл базыдта йæхи зæрдæйы хæрзтæ бафтауын, афтæмæй сæрыстырæй цыд царды фæндагыл.

Йæ цард æмæ хъысмæт адæмимæ чи сбаста æмæ дзы йæхицæн кад æмæ ном чи скодта, уыцы фæрнджын хистæртæй иу уыд Мæхæмæтты Юри. Райгуырд Ирыстоны кадджындæр хъæутæй иу Дур-Дуры. Йæ хистæртæ уыдысты хъæубæсты нымад, æгъдаудæттæг. Рæстæй фæллой кодтой хъæуы колхозы. Юри хъомыл кодта хæсты уæззау æмæ фыдæбойнаг азты, бавзæрста хæсты æмæ уый фæстæ азты уæззау рæстæджытæ. Уыдон ын йæ зæрдæ нæ асастой, фæлæ ма йын фесты, царды рухсмæ йæ ахуыры фæрцы чи хуыдта, ахæм разæнгардгæнæнтæ.

Юри йæ сабибонтæ арвыста йæ райгуырæн хъæуы. Астæуккаг скъола дæр ам каст фæци. Ацы хъæу бирæты афæндараст кодта царды рæсугъд æмæ амонджын фæндагыл. Уыдоны æмрæнхъ Мæхæмæты-фырты дæр. Йæ зæрдыл хорз дардта йæ фыццаг ахуыргæнæг Габеты Айсæдойы. Уымæн йæ фырт Толик дæр йæхи къласы ахуыр кодта. Юри куыд дзырдта, афтæмæй Айсæдо сæ дыууæйæ фылдæр никæмæй домдта. Уый тыххæй дзы тынг разы уыд Мæхæмæты-фырт. Бирæ хорз ныхæстæ загъта, уый фæстæ йын зонд чи амыдта, уыцы ахуыргæнджыты тыххæй дæр: Гуырдзыбеты Амырхан, Текъойты Верæ, Уæлысаты Мухарбег, Текъойты Харитон, Хуыдæлты Æхсарбег. Уæдæ скъолайы директор Хуыдæлты Иласы дæр куыд хъуамæ ферох кодтаид!

Иу бон Юри урокты фæстæ фæцæйцыд скъолайы уæрæх кæрты æмæ фембæлд бæрзонд, хæрзконд лæгыл. Уый уыдис скъолайы директор Хуыдæлты Илас. Йæ къухы дынджыр пъартфел. Сабийы фарсыл та йæ мад Масайы кæрдæгхуыз хъуымацæй хуыд хызын. Илас æй баурæдта:

— Кæй лæппу дæ? — афарста директор.

Юри йæхи куы бацамыдта, уæд Илас загъта:

— Дæ хо Надя хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæцис скъола. Уæдæ дæ хистæр æфсымæртæ дæр тынг хорз ахуыр кæнынц. Уыдонæй цауддæр куы уай, уæд дын дæ хъус сиваздзынæн, — йæхæдæг ын йæ дынджыр армæй йæ сæр фæлмæн æрдаудта.

Æмæ, æцæгдæр, Юри лæууыд хуыздæр ахуырдзауты æмрæнхъ. Архайдта литературон æмæ драмон къордты. Уæдæ спорты дæр уыдис фыццæгтимæ. Уыцы рæстæг скъолайы уыдис сгуыхт волейболон командæ. Уым дæр Алихан æмæ Масайы уарзон хъæбул архайдта сæрæн æмæ ныфсджынæй.

Уыцы рæстæг Дур-Дуры астæуккаг скъолайы алы ахуыры азы кæрон дæр хуыздæр ахуырдзаутæн лæвар кодтой зындгонд фысджыты чингуытæ. Фæндзæм къласы рауагъдон Мæхæмæтты Юрийæн директор Хуыдæлты Илас радта А. С. Новиков-Прибойы дыууæтомон роман "Цусима".

Юрийы тыххæй бирæ хорз ныхæстæ чи загъта, ахæмтæ дзæвгар ис Ирыстоны. Цалиты Мухайы фырт Сафарби, Дур-Дуры хистæртæй иу, республикæйы стыр нымад адæймаг, Фыдыбæстæйы Стыр хæстæй йæ фæтæн риуы дзаг хæрзиуджытæ чи схаста, уый Юрийы ном куыддæр фехъуыста, афтæ бахъæлдзæг. Бирæ хорз хабæрттæ радзырдта уымæн йæхи æмæ йæ бинонты тыххæй: "Мæхæмæтты Алихан æмæ Маса, сæ цыппар фырты æмæ иунæг чызг тынг кадджын уыдысты æмæ ныртæккæ дæр сты нæ хъæуы. Æз абон дæр сæрыстыр дæн, хъиамæтджын Алихан мæ йæхицæн кæстæриуæггæнæгыл кæй нымадта, Маса та мын йæ конд нартхоры кæрдзын, йæхи ахст цыхт æмæ арахъхъ хæларæй кæй лæвæрдта, уымæй. Сæ чызг Надеждæйæн къухылхæцæг кæй уыдтæн, сæ фырттæ Петр, Виктор æмæ Ахуырбегæй бирæ хæрзтæ кæй зонын, уыдæттыл нæ дзурдзынæн, уымæн æмæ абон нæ ныхасы сæр у Юри. Уый уыд зæнæгæн сæ кæстæр, дисса-джы адæймаг! Скъоламæ ма куы уадис, уæд дæр йæ уæздандзинад, йæ рæсугъд æгъдау йæ разæй цыдысты.

Кæрæдзи арæх нæ уыдтам, фæлæ телефонæй кæрæдзимæ арæх дзырдтам, кæйдæр загъдау, æппындæр нæм хор хабарæй куы ницы уыд, уæддæр. Юрийæн йæ ныхас афтæ фæлмæн, афтæ лæгъз уыд, æмæ, хорз дохтыры хосау, æххуыс кодта. Кæд искæмæй афтæ зæгъæн ис, йæ фыды фарн мæрдтæм нæ ауагъта, уæд уый уыд Юри".

Дзæуджыхъæуы Ватутины уынджы Мæхæмæтты тæккæ бакомкоммæ цæрынц Кочиты фæрныг бинонтæ — Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты хъомылады хайады сæргълæууæг Алан æмæ йæ бинойнаг, пъæлицæйы булкъон, республикæйы Мидхъуыддæгты министрады пресс-центры хицау Зæринæ. Цымæ уыдонмæ та цы зæгъинæгтæ ис сæ сыхаджы тыххæй?

— Æз уал зæгъон, — афарста Зæринæ йæ лæджы. Кæд сылгоймагыл "уæззау" пъагæттæ ис, уæддæр бинонты мидæг та инæлар у Алан. Уый йæ сæр разыйы тылд бакодта. Æмæ Зæринæ стыр æхсызгонæй радзырдта:

— Хорз адæймаджы кой кæнын æхсызгон у, тынг æхсызгон. Ныртæккæ мæм бирæ зæгъинæгтæ ис Мæхæмæтты Юрийы тыххæй. Фæлæ се 'ппæт æнæхъæн "Рæстдзинад"-ы дæр нæ бацæудзысты. Диссаджы зæрдæ æмæ зонды хицау уыд уый рагæйдæр. Цыфæнды хъуыддаджы тыххæй дæр æм куы хатыдысты сыхæгтæ, уæддæр сыл йæхи никуы атигъ кодта. Йæхицæй хистæртæ, йæхицæй кæстæртæ, йæхи карæнтæ йын йæ алæмæты хорз миниуджытæ дæнцæгæн дарынц. Сыхы сабитæ йыл афтæ æнувыд уыдысты, æмæ йын зæгъæн дæр нæй. Юрийæн йæхи дæр нæма зыдтон, афтæ йын йæ кой бирæ хæттыты фехъуыстон мæ фыдыфсымæр Таймуразæй. Уыдон иумæ куыстой нæ республикæйы Мидхъуыддæгты министрады социалистон исбон хæлæттаггæнынады ныхмæ тохгæнæг хайады. Фæлмæнзæрдæ æмæ тæригъæдгæнаг Юри, дам, фыдгæнджыты ныхмæ тынг хъæддыхæй лæууыд. Фæлæ, дзæгъæлы никуы никæй бафхæрдта.

Зæринæ иттæг зæрдæрухсæй радзырдта Юрийы бинонты тыххæй дæр:

— Хуымæтæджы нæ фæзæгъынц, лæг æмæ ус фæрæт-хъæдæй барст сты, зæгъгæ. Юрийы цардæмбал, Икъоты чызг, йæ лæг æмæ йæ тиутæй ныфсджын уæвгæйæ, уыд æмæ у сæрæн, сыхы мидæг æнæ уымæй иунæг хъуыддаг дæр нæ ивгъуыйы. Ленæйы конд чъиритæ æмæ дзыкка æппæты фаг дæр кæнынц, фарсыл хæцынц. Нæ сыхмæ ног чындз фарны къах куы æрбавæры, уæд ын сылгоймæгтæй æппæты разæй арфæтæ ракæны Ленæ. Чындзыты æфсинты афтæ фæфæнды, æмæ царды ног фæндагыл æрлæууæг рæсугъдтæ, æцæгдæр, æвæйынц амонджын. Уæдæ Антоны чызг Ленæ йæ цæгаты кæстæртæн дæр у стыр ныфс, зондамонæг æмæ æххуысгæнæг. Хуыцауы бынмæ цыдæриддæр хорздзинадæй ис, уыдон мæ цæст уарзы Юрийы кæстæртæн.

— Æз дæр ма цыдæртæ бафтаудзынæн Юрийы тыххæй. Милицæйæ куы рацыд, уæд цалдæр азы бакуыста университеты. Йæ бæрны уыдысты ахсджиаг фарстытæ. Ног арæзтæдтæ, ахуыргæнæн-лабораторон æмæ æндæр агъуыстытæ цалцæг кæнын æмæ аивæй дарын. Тынг ын æнтысти. Мæнмæ гæсгæ, арæзджытæ æмæ иннæ кусджыты нымæц схæццæ кодта 240 адæймагмæ. Арæзджытæн арæзта æппæт мадзæлттæ дæр хорз æмæ зæрдæрухсæй кусынæн. Æппæты разæй сын фæрæвдздæр кодта сæ кусæнгæрзтæ æмæ фæллойы фадæттæ. Спонсортæ Æлбегонты Хасан, Гулаты Æхсарбег, Дзагуырты Отарбег, Лагкуты Георгийы хардзæй сын балхæдта сæрмагонд уæлæдарæс. Арæзджытæй алкæй мæйы мызд дæр уыдис æппынкъаддæр 25 мин сомы. Ватутины æмæ Церетелийы уынгты тигъыл цы астуæладзыгон рæсугъд агъуыст ис, уый арæзт æрцыд иу аз æмæ цыппар мæймæ. Дзæвгар фæуæрæхдæр спортивон комплекс. Ныртæккæ физиконтехникон æмæ юридикон факультеттæ хорз уавæрты кæй кусынц, уым дæр егъау уыд Юрийы ахадындзинад. Афтæ университеты къæсæртæ æмæ кæрты аивдзинад дæр. Арæзджытимæ æмæ иннæ кусджытимæ йæхи дардта æмсæр æмæ хæдæфсармæй. Уый тыххæй йæ уыдон дæр бирæ уарзтой.

Алан цасдæр ахъуыды кодта, стæй ма бафтыдта:

— Мæхæмæты-фырт кæд хæдзарадон фарстытыл дзуапдæттæг проректор уыдис, уæддæр йæ хъус тынг дардта хъомыладон куыстмæ. Лæгæйлæгмæ мæнæн мæхи куырдиатмæ гæсгæ студенттимæ арæх дзырдта хæстон-патриотон, интернационалон, моралон сыгъдæгдзинад æмæ æндæр фарстытыл. Цыбыр дзырдæй, уыцы хъуыддаджы уыди университеты хъомыладон хайады фидар æнцой. Ахæм уыд мæ уарзон сыхаг Юри.

Юрийы хистæр æфсымæр Ахуырбег дæр загъта æргомæй:

— Мæ цæст алкæмæн дæр уарзы ахæм æфсымæр. Ныртæккæ дзы æппæлын куы райдайон, уæд бынтон аив нæ уыдзæн. Æз зæгъдзынæн цыбырæй æрмæстдæр иу хъуыддаджы тыххæй. Кæд зæххы цъарыл искуы исчи бафыста йæ мад, йæ фыды раз стыр хæстæ, уæд уый уыд мæ тæккæ уарзондæр æфсымæр Юри. Уый федтон мæхи дыууæ цæстæй.

Нæ сабыр æмæ уæздан Юри рæстдзинадыл тохы кæддæриддæр уыдис хъæддых, æнæфæцудгæ. Æрхæсдзынæн æрмæстдæр иунæг цæвиттон. Бирæ азты дæргъы СЦКП-йы ЦК-йы инструктор Бессарабов нæ бæстæйы æппæты стырдæр разамонджыты раз дзуапп лæвæрдта Ирыстоны партион организацийы архайдыл. Йæхи æнгом сбаста мах обкомы секретартимæ æмæ хайæдты сæргълæуджытимæ.

Иу заман куы уыдис, уæд сæ тыхтæ баиу кодтой республикæйы 82 коммунисты. Дыууæ-æртæ азы дæргъы цалдæр хатты ныффыстой СЦКП-йы Центрон Комитетмæ партийы обкомы куысты егъау хъуагдзинæдты тыххæй, уæлдайдæр разамонæг кадртæ æвзарыны æмæ сæ бæрнон бынæтты æвæрыны хъуыддаджы, куырдиæтты сæйраг амидингæнджытæ уыдысты зындгонд драматург Токаты Асæх æмæ милицæйы капитан Мæхæмæтты Юри. Бессарабов-иу уайтагъд рагæпп кодта Цæгат Ирыстоны обкомы разамынд бахъахъхъæнынмæ, раст цыма стыр адвокат уыдис, уыйау. Иу хатт ын Юри загъта:

— Фыдгæнджыты чи хъахъхъæны, уый йæхæдæг у фыдгæнæг. Мæхæдæг дæ никуы ницы райсгæ федтон, фæлæ æмбаргæ адæмтæ та дзурынц, æрмæст мыздыл нæ "кусыс", фæлæ, цы уый, дам, — æвæстиатæй. Ирон адæм куыд фæзæгъынц, æнхъæлмæ кæсынæй ахæрын хуыздæр у.

Юри ма ноджыдæр бирæ цыдæртæ дзырдта ЦК-йы инструкторæн, æмæ сæ уый нынныхъуырдта, фæлæ йæ маст уæлдайджынтæй райста. Юрийы æмæ ма "хъастгæнджытæй" кæйдæрты аппарын кодта партийы рæнхъытæй. Сæ куыстытæй дæр тард æрцыдысты. Раст зæгъын хъæуы, бирæ фæтох кæныны фæстæ иууылдæр сæ партион билеттæ ногæй райстой, куыстыты нылланууыдысты. Юримæ фæсидтысты ССР Цæдисы Мидхъуыддæгты министрадмæ æмæ йын фехъусын кодтой æхсызгон хабар, фæстæмæ милицæмæ рацу, зæгъгæ. Раздæрæй уæлдæр бынат ын саккаг кодтой, фæлæ нæ бакуымдта.

Мæхæмæтты Алиханы фырттæн се 'ппæты кæстæр уыд Юри, фæлæ йæ фæрнджын хистæрты кадыл аууон æппарын никуы бауагъта, цардмæ кæсти, æцæг нæртон лæгæн куыд æмбæлы, афтæ æвронг цæстæй. Ахæм зондыл хæст уыдысты æмæ сты йæ бинонтæ дæр. Йæ цардæмбал Ленæ уыд æмæ у бæркадкъух æфсин, рæвдауæг мад æмæ нана. Йæ арм фынгæн дары хиуонæн уа, сыхагæн. Уазæгæй, сыхагæй, хиуонæй се 'ппæт дæр йæ цæстæнгасæй æмæ узæлгæ ахастæй сты хайджын æмæ рæвдыд. Сыхбæсты чындзхаст, чызгæрвыст, куывд куы вæййы, уæд алы ран дæр бакæны зæрдиаг лæггад. Алы ног чындз дæр хайджын вæййы йæ арфæтæй, йæ цæстуарзон амындтытæй.

Йæ цотæй дæр райгонд уыд Юри. Хистæр чызг Маринæ у экономикон наукæты кандидат, кусы ЦИПУ-йы. Раздæр уыди ахуыргæнæг, ныр та у ректораты пъланон хайады хицау. Лæппу Мæхæмæт у Дзæуджыхъæуы Ленины районы тæрхондоны кусæг.

Бæргæ, бирæ рæсугъд фæндтæ ма уыд Мæхæмæтты уæздан Юримæ, фæлæ йыл уалдзæджы тæмæны уæззау низы аххосæй йæ адзал сæмбæлд. Йæ фæрныг хæдзармæ-иу циндзинады фæдыл цы бирæ адæм æрбамбырд, алкæддæр, рæсугъд æгъдау ын чи лæвæрдта, йæ зæрдæйы хорзæхтæй райгондæй йæ цæрæнбонæн Хуыцау æмæ зæдтæм чи куывта, уыцы хиуæттæ, сыхæгтæ, хæлæрттæ, бирæ зонгæтæ Мæхæмæтты фæрныг къонамæ æрбамбырд сты Юрийæн йæ фæстаг фæндагыл цæуæн бон рæсугъд æгъдау радтынмæ. Йæ фæзминаг цард æмæ арфæйаг хъуыддæгты тыххæй дзы бирæ зæрдæбын ныхæстæ загътой РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министры раздæры хæдивæг Сихъоты Сослан, газет "Рæстдзинад"-ы сæйраг редактор, ЦИПУ-йы Журналистикæйы факультеты доцент Хозиты Барис, Мæхæмæтты мыггаджы æмæ, Ирыхъæуы — Юри цы сыхы цард, уыдоны хистæртæ.

Куыд æцæг ирон лæг, афтæ Юри кæддæриддæр æнувыд уыд газет "Рæстдзинад"-ыл. Зæрдиагæй йæ каст йæхæдæг æмæ йæ уарзын кодта йæ кæстæртæн. Царды та йæ хуыздæр амондыл æмæ хорзæхыл нымадта йæ кæстæрты амондджынæй уынын.

ГАСАНТЫ Валери

Стяжка пола (евростяжка) — за один день.
Качество гарантировано!
Замер и консультация — бесплатно.
ТЕЛ.: 8-963-177-00-11.

Номыры радгæс редактор — **Салхъазанты Светланæ.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Сæлинæ — 25-94-57, Саутæты Тамилæ — 25-96-31, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Салхъазанты Светланæ — 25-94-09, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 3809. Заказ № 371. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru